

USCRI KONNEN DWA OU YO

Yon **Gid** pou Imigran yo




Kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo, tout moun nan Etazini gen dwa ki garanti anba Konstitisyon an. Gid sa a gen pou objektif enfòmasyon moun ki pa sitwayen ameriken sou dwa legal yo nan divès sitiyaasyon avèk lapolis ak ofisye imigrasyon yo.

Gen [lwa ki ka varye nan](#) kèk Eta. Gen règ separe ki aplike nan [pòs kontwòl yo](#) ak lè w ap antre Etazini nan pò antre yo, tankou nan fwontyè ak ayewopò yo.

Enfòmasyon sa a se pou rezon edikatif epi li pa ta dwe itilize kòm yon ranplasman pou asistans legal. Si ou menm oswa yon moun ou konnen bezwen asistans legal, tanpri kontakte yon avoka.

SE KI DWA MWEN GENYEN?

- Ou gen dwa pou pa akize tèt ou. Sa vle di ou gen dwa pou ou rete an silans lè lapolis kesyon ou. Ou ka di, “Mwen pa vle reponn kesyon ou yo.”
- Ou gen dwa a yon pwosesis ki jis e ki egal. Mande yon entèprèt si anglè a pa lang ou pi alèz avè l.
- Ou pa oblije siyen anyen ou pa konprann.
- Ou gen dwa kont fouy ak sezi (arestasyon) ilegal. Ou pa oblije ouvri pòt la pou lapolis antre lakay ou sof si yo gen yon manda pou fouy jidisyè.
- Si ou pa anba arestasyon, mande si yo detni ou. Si repons lan se non, mande, “Èske mwen lib pou m ale?” Si repons lan se wi, ale trankilman.
- Si yon ofisye imigrasyon kenbe w, ou gen dwa gen yon avoka pou ede w avèk sitiyaasyon imigrasyon w lan, men gouvènman an pa oblije ba w youn—mande youn imedyatman.



- Si lapolis arete w pou yon krim, ou gen dwa gen yon avoka gratis (defansè piblik) pandan entèwogasyon an.
- Ou gen dwa rele konsila peyi ou a. Imigrasyon ak lapolis dwe pèmèt konsila ou a vizite w oswa pale avè w.
- Ou gen dwa pou fè apèl kont yon lòd depòtasyon, yon kondanasyon kriminèl, ak refi sèten demann sèvis imigrasyon (pa egzanp, refi azil).
- Lapolis ak ajan imigrasyon yo pa ta dwe janm mande w lajan.



RESPONSABILITE OU YO



- Rete kalm.
- Pa kouri ale, pa diskite, pa reziste, oswa pa bloke yon ofisye lapolis oswa imigrasyon, menm si ou kwè y ap vyole dwa ou yo.
- Pa di lapolis oswa ajan imigrasyon yo anyen.
- Kenbe men ou kote lapolis oswa ajan imigrasyon yo ka wè yo.
- Pa bay manti sou sitiyasyon imigrasyon ou epi pa bay fo dokiman.
- Si ou gen plis pase 18 an, konsidere mache ak yon kopi dokiman estati imigrasyon ou avèk ou.
 - Toujou kenbe yon kopi sou telefòn ou.
 - Si ofisye a poze w kesyon sou sitiyasyon imigrasyon w, ou gen dwa rete an silans lè w di, "Mwen pa vle reponn kesyon w yo." Mwen vle pale avèk yon avoka.
- Memorize nimewo telefòn yon zanmi, yon manm fanmi, oswa yon avoka pou ou rele si yo arete w.
- Fè plan pou pran swen pitit ou yo oswa lòt pwòch ou yo si yo arete w.
- Fe planifikasyon ak moun ki sou kont ou yo (pa egzanp, timoun ak paran ki pi gran) sou sa pou yo fè si yo mete w nan detansyon.
- Chwazi yon moun ou fè konfyans pou pran desizyon finansye ak swen timoun si ou pa kapab.
- Kenbe dokiman imigrasyon ou yo, dosye kriminel ou yo, ak lòt dokiman enpòtan yo nan yon kote ki an sekirite kote yon moun ou fè konfyans ka jwenn aksè a yo.
- Asire w ke moun ou renmen yo konnen nimewo imigrasyon w (nimewo A) epi kijan pou yo jwenn ou si ICE arete w.
- Sonje detay diskisyon ou te fè ak lapolis, epi filme l si ou kapab.
- Depoze yon plent alekri si ou santi yo vyole dwa ou yo.

